ХьэщIэ лъапIэхэр КъБР-м и щыхьэрым кърегъэблагъэ

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЗРЭ КЫДОКI

№188 (21.346) • 2012 гъэм фокIадэм (сентябрым) и 28, мэрем • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI • И уасэр сомИ 3-щ • adyghe@mail.ru adygpsale.ru

Къэбзэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ Къанокъуэ Арсен Кавказ Джэгухэр-2012 III щIыналъэ зэхуаку спорт-щэнхабзэ фестивалым хэтхэм зэрызахуигъазэ фIэхъус псалъэ

Ныбжьэгъу лъапIэхэ!

ХьэщIагъэ зэрылъ Къэбзэрдей-Балъкъэрым и жэнэт щIыналъэм Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым и республикэхэм я лыкIуэхэу зи чэзу спорт зэхьыхьэшхуэм хэтхэмрэ хьэщIэхэмрэ и гуапэу фыщрегъэблагъэ.

Ди республикэм фестивалыр иригъэкIуэкIыну къыхуагъэфэщащ нэгъабэ Къэрэшей-Шэрджэсым щызэхэта зэпеуэм Къэбзэрдей-Балъкъэрым и командэр зэрыщытекIуам и фIыщIкIэ. Дэ иджыри ди гур текIуэныгъэм хуэунэтIащ, ауэ абы къыдэкIуэу тлъэкI псори длэжьащ, иджырей зэIущIэм хэтынухэм я зэфIкI псори нэрылъагъу ящыныкIэ Iэмал нэхъыфIхэр къахуэздгъэпэщын папщIэ.

Нужьрей илъэситIым кьриубыдэу Кавказ Джэгухэр Кавказ Ищхьэрэм щрагъэкIуэкI спорт зэхьэзэхуэ нэхъ гъэщIэгъуэнхэм икIи нэхъ мыхьэнэшхуэ зиIэхэм ящыщ хьэщ. Ар икIи гурыIуэгъуэщ, сыту жыпIэмэ фестивалыр сэбэп мэхъу спортым щыху нэхъыбэ дегъэхьэхьныкIэ, Кавказ Ищхьэрэм ис лъэпкъхэм я хабзэхэмрэ щэнхабзэмрэ хэIущIыу щIынымкIэ. Псом хуэмыдэу мыхьэнэшхуэ нIэщ а зэхьэзэхуэхэр ди щIыхухэм ижь-ижьыж лъандэрэ къадэгъуэгурыкIуэ гурыщIэхэмкIэ - мамырыгъэм, зэгъунэгъуэм, лъэпкъхэм я зэдэлэжьэныгъэмрэ зэкъуэшыгъэмрэ хуэгъэза мурадхэмкIэ - зэрыгъэнщIам.

Мы Iуэхум и мыхьэнэр апхуэдэу къеIэт Кавказ Джэгухэр Сочэ къалэм 2014 гъэм щекIуэкIыну ЩIымахуэ Олимп зэхьэзэхуэм и щэнхабзэ программэм щыщ Iыхьэу зэрыщытым. Абы ди щIалэгъуалэм я зэхэщIыкIыр къеIэт, узыншагъэр хъумэным теухуа псэукIэм хуеунэтI, Кавказ Ищхьэрэм ис лъэпкъхэм я зэхэщIыкI кьулейр егъэбагъуэ.

Сэ шэч кьытесхьэркъым гъэщIэгъуэну, зэныбжьэгъугъэкIэ, гуапагъэкIэ, хьэщIагъэкIэ гъэщIауэ зэрыщытынум кьыхэкIыу, фестивалыр Кавказ Ищхьэрэм ис псоми куэдрэ ягу зэрилъынум.

Зэпеуэм хэт псоми IуэхуфIхэр къеехъулIэну, текIуэныгъэщIэхэр къахьыну, мамырыгъэрэефIэкIуэныгъэрэ яIэну сохъуэхъу.

КЪШР, Хьэбэз къуажэ, 2010 гъэ

Нобэ Ещанэ Кавказ Джэгухэм щIедзэ

Нэхъ пасэу наIуэ зэрыхъуащи, Кавказ Джэгухэр фестивалыр мы гъэм КъБР-м и къалащхьэ Налшык щокIуэкI. Абы хэтынущ Кавказ Ищхьэрэм и щIыпIэ зэмылIэужьыгъуэхэм кьикIа цIыху минрэ щитхурэ.

ИЛЪЭС зыбжанэ хъуауэ къызэрагъэпэщ Кавказ Джэгухэр 2014 гъэм Сочэ щекIуэкIыну Олимпиадэм и щэнхабзэ программэм хохьэ. Абы мураду егъэув Кавказ Ищхьэрэм ис лъэпкъхэм я зэхуаку ныбжьэгъугъэм зыщригъэубгъуну, лъэпкъ къэс нэхъ зыхуэIэзэ спорт лIэужьыгъуэхэм заригъэуэщIыну. Фестивалым зыкъраГъэхьалIэнущ Кавказ щIыналъэм зи цIэ щыIуа уэрэджыIакIуэхэм, къэфакIуэхэм. УФ-м и Правительствэм и унафэкIэ 2010 гъэм зэхаубла Кавказ Джэгухэр къызэрагъэпэщ икIи йокIуэкI Урысей Президентым и лIыкIуэу Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щIыналъэм щыIэ Хлопонин Александр и нэIэ тету.

КъБР-м и Iэтащхьэ Къанокъуэ Арсен зэрыжиIэмкIэ, иужьрей илъэсхэм Кавказ Джэгухэр Кавказ Ищхьэрэрэм щекIуэкI спорт зэпеуэхэм я нэхъ нэгуэшыжьхэм ящыщщ: «Абы гъэщIэгъуэн зыри зэлъкъым, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, фестивалым спортым и пщIэр къиIэтым, кавказ лъэпкъхэм я хабзэм, псэукIэм, абы нэхъ зыщыщыжьа спорт къудамэхэм зригъэужьым и закъуэкъым. Зэпеуэхэр ди лъэпкъхэм ижь-ижьыж лъандэрэ къадекIуэкI зэгурыIуэм, гъунэгъу декIуэкIыкIэм, тэмакъкIыхьагъым - кавказ лъэпкъхэр адрейхэм сыт щыгъуи къаузэрыхэщу щытахэм - яхэуэхуэнауэ йокIуэкI».

2011 гъэм Джэгуэр КъШР-м и щыхьэр Черкесск щекIуэкIащ. Зэпеуэхэр щызэхаублат Хьэбэз къуажэм пэмыжьжьэ Iэдииху и чэщанэм и Iэгъуэблагъэм, Инжыджщ цIыкIу и псыхъуэм. Къэбзэрдей-Балъкъэрым и лIыкIуэхэу а зэхьэзэхуэхэм япэ увыпIэр къыщызыхьахэрщ зи фIыгъэр мы илъэсым Кавказ Джэгуэхэр Налшык зэрыщекIуэкIыр.

Фестивалым зэпеуэ лIэужьыгъуэ 18 къызэщIеубыдэ. Абы щыщу плIыр гуп зэпеуэщ: стIолыщхьэ теннис, кIапсэ зэпеуэ, волейбол, эстафетэ. Адрей 14-р щхьэзакъуэ зэпеуэщ: метри 100-кIэ къэжэныр, шахматхэр, кIапсэм дэпщеиныр, гъущI мывэ хъурей дзыныр, башым тету къэкIухьыныр, хьэлъэр гъэIэпхъуэныр, хьэлъэ къэIэтыныр, лъакъуэмцIэрыхьу пкIэныр, лъэныр, шабзэ зэпеуэр, нэгъуэщIхэри.

Фестивалым и хеящIэ нэхъыщхьэр Олимп чемпион Кьардэн Муратщ.

Джэгуэхэм я зэманым кьриубыдэу концертышхуитI екIуэкIынущ «Сочэ-2014» ЩэнхабзэкIэ Олимпиадэм и программэм хигьбыдэу: **фокIадэм и 28-м** Къэбзэрдей-Балъкъэрым гъуазджэм хуэIэзэу исхэм Театр ЩхъуантIэм концертышхуэ щатынущ; **фокIадэм и 29-м** Кавказ Ищхьэрэм щыщ щIыналъэ псоми кьикIа артистхэр ящхьэт пшыхьымкIэ фестивалыр зэхуащIыжынущ.

Кавказ Джэгухэр къызэрызэIуахри зэрызэхуащIыжри, щекIуэкI зэманым техуэу, «Къэбзэрдей-Балъкъэр» каналым къигъэлъэгъуэнущ. Зэпеуэхэр республикэм и джэгупIэ, гъэлъэгъуапIэ нэхъыфI дыдэхэм щекIуэкIынущ - мы илъэсым Налшык щауха Универсальнэ спорт комплексым, «Спартак» топ джэгупIэм, Абхъаз утым, Театр ЩхъуантIэм.

Зэхьыхьэхэм я нэхъыбэм кьалэкум хуэзэ «Спартак» стадионыр хухахащ, ар спорт зэпеуэхэр сыт и лъэныкъуэкIи тынщу щызэфIэкIыну щIыпIэщ. Стадионым цIыху мин 15 йохуэ, дэтхэнэ зыри зэуэ зэпеуэ зыбжанэм кIэлъыплъыфынущ.

Гуп зэпеуэхэм хэтхэм тынщу зыщаухуэпэн пэщхэр, я кьабзагъэкIи, я тыншыпIэкIи зыхуей щыхуэзэну щIыпIэхэр хуагъэхьэзыращ.

Фестивалыр зыгъэдэхэнухэм ящыщщ Кавказ Ищхьэрэм кьикIа хьэщIэхэм я «лъэпкъ пщIантIэхэр», Абхъаз утым щагъэуващхэр. Абыхэм щэнхабзэ дауэдапщэхэр щекIуэкIынущ щэбэтым, фокIадэм и 29-м, сыхьэт 11-м кьущыщIэдзауэ. Зэхьыхьэшхуэм кьрихьэлIэхэм дэтхэнэ зы хьэщIэ гупри кьапежьэнущ кьыздикIа щIыпIэр кьызэрыгъэпIыху дамыгъэхэмкIэ, хабзэхэмкIэ, уэрэдхэмкIэ, кьафэхэмкIэ.

Фестивалым Iуэхутхьабзащ Iэ щыхъуну гупыж ящIащ щIыхуи 100-м.

ЧЭРИМ Марьянэ.
Сурэтхэр
КЪАРЕЙ Элинэ *тIихащ.*



КъБР-м и командэр.

Фысакъыну зыщывмыгъэгъупщэ

Мы махуэхэм республикэм и къалащхьэм щекIуэкI Кавказ Джэгухэр фестивалым шынагъэншагъэр кьыщIэзгъэпэщыным Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министерствэу КъБР-м щыIэм и къару псори хуэзэщIегъэуIуэ.

КъБР-м щыIэ МВД-м жылагъуэ хабзэр хъумэнымкIэ и къудамэм и унафэщI полицэм и полковник Джаппуев Юрэ щыгъуазэ дызэрищIамкIэ, фокIадэм и 28 - 30-хэм екIуэкIыну а Iуэхугъуэхэм хэтынущ цIыху 1329-рэ (спорт сменхэр, артистхэр, кьулыкъущIэхэр). Фестиваль зэхьэзэхуэхэм кIэлъыплъынущ цIыху мин 15-м щигъу.

Хабзэм ебакъуэ щымыгъэIэным, шынагъуэ къэмыгъэхъуным къаруурэ техникэу куэд хуэзэщIагъэуIуащ, гъунэгъу щIынагъэхэм къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ я Iэнатlэхэм я лэжьакIуэхэр, дзэм кьулыкъу щэзыхьэкIхэр яхэту. КъБР-м щыIэ МВД-м и лэжьакIуэ 800, авиагуп плъырынущ а махуэм.

Фигу кьэдгъэкIыжынщи, фестивалым и Iуэхугъэ нэхъыщхьэхэр щекIуэкIыну фокIадэм и 28 - 29 махуэхэм Налшык кьалэ Балъкъэр уэрамым щыщIэдзауэ Тэрчокъуэм и уэрамым нэс Ленинымрэ ЩоджэнцINкIымрэ я проспектхэм автомашинхэр щызэкIуэнэр ягъэкIащхьэнущ.

Фестивалыр щекIуэкIкIэ, Абхъазым и утым, «Спартак» стадионым, Театр ЩхъуантIэм, Универсальнэ спорткомплексым гъущI детекторхэмрэ видеокамерэхэмрэ кьыщагъэсэбэпынущ, фестивалым плыщIа Iэхуэщ1аIпIэ псори сыт и лъэныкъуэкIи я нэIэм щIэтын хуэдэу.

А псоми кьыхэкIыу республикэм и цIыхухэм зыхуагъазэ сакъыну, набдзэгубдзапIэу щытыну. Шэч зыхуащI цIыхухэм, транспортым, зэкIуэцIыпIэхэм фрикьэпIэмэ, къэрал кIуэцI IуэхугъэкIэ IэнатIэм фыпсалъэ мы телефонхэмкIэ:

КъБР-м щыIэ МВД-м плъыр часть - 40-49-10

КъБР-м и МВД-м и дэж щыIэ Оперативнэ штабым - 49-52-49, 49-53-27

Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министерствэу КъБР-м щыIэм Хьыбархэмрэ жылагъуэ зэпыщIэныгъэхэмкIэ и Iэнатlэ.

Дыгъуасэ Къэбзэрдей-Балъкъэрым къэкIуащ Кувейт къэралым и лIыкIуэхэр. КъБР-м и Мусльымэнхэм я дин Iуэхущ1аIпIэм и жэрдэмкIэ кърагъэблагъэ хьэрын хьэщIэхэм ящыщщ «Аль-Васатыйя» («Зэпэуэрытыгъэ») Дунейпсо мусльымэн центрым и комитетым и унафэщI доктор Салем Аль-Баянуни.

КУВЕЙТ дэт «Аль-Васатыйя» Дунейпсо мусльымэн Iуэхущ1аIпIэм и унэтIыныгъэ нэхъыщхьэр исльам зэпэуэрытым и мурадхэмрэ мыхьэнэмрэ щIыхуэхэм ягурыгъэIуэнырщ, КъурIэн лъапIэмрэ залымыгъэмрэ зэрызэмыкIуаIлэр наIуэ щIынырщ.

Исльам щIэныгъэхэм я Iэщ1аГъэлI цIэрыIуэ, доктор Салем Аль-Баянуни республикэм и еджапIэхэм махуэ зыбжанэкIэ лекцIэхэм кьыщеджэнущ. Ар нобэ СКИУ-м щыIэнущ, Налшык дэт Мэжджыт нэхъыщхьэм мэрем нэмэзыр щригъэкIуэкIынущ, кърихьэлIаехэм уаз яритынущ.

СЫЖАЖЭ Алим,
КъБР-м и Мусльымэнхэм я дин Iуэхущ1аIпIэм и унафэщIым и къуэдзэ.

Кувейтым къикIа лIыкIуэхэр

Дж къуэш республикэхэм

ШколакIуэхэм папщIэ

АБХЪАЗ. *Къэралым автобусхэр кьыщыщIэзыгъэкI «ГАЗ гуп» Iуэхущ1аIпIэм ПАЗ-4234-70 курыт класс школ автобус 12 фокIадэм и кIэм ирихьэлIу Iэрилъхьэнущ Абхъазым егъэджэныгъэмкIэ и министерствэм.*

ТЕХНИКЭМ сом мелуан 14-м щIигъу хуоэз. Автобусхэм щыщ дэтхэнэри цIыху 30-м хуэщIащ икIи сабийхэр щынагъуэншэу кьепэжкIынымкIэ хабзэм кьигъувэм тещIыхьауэ сыт и лъэныкъуэкIи кьызэгъэпэщащ.

КIэрашэ Тембот теухуауэ

АДЫГЕЙ. *Лъэпкъ музейм кьыщызэIуахащ адыгэ литературэм и лъабжьэр зыгъэтIылъа КIэрашэ Тембот илъэси 110-рэ зэрырикъум ирырагъэхьэлIа гъэлъэгъуэныгъэ. Абы теухуа зэхьыкъэм кьрихьэлIащ жылагъуэмрэ щIэныгъэмрэ я лыкIуэхэр.*

ТХАКIУЭМ теухуа гъэлъэгъуэныгъэм щызэхуэхьэсащ абы и Iэдакъэщ1экI сурэтхэр, тхыгъэхэр, письмохэр, и Iэ зытелъ тхылъхэр, и хьэпшып зэмылIэужьыгъуи 100.

- Лъэпкым и тхакIуэр сытым щыгъуи фIэгъэщIэгъуэнщ. Абы и Iэдакъэщ1экIхэр нэхъапэми щIаджыкIыу щытащ, ноби жьы хъуркым, - жеIэ филологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор Мамий Руслан.

Фигу кьэдгъэкIыжынщи, 2012 гъэр КIэрашэ Тембот и илъэсу Адыгейм щагъэуващ икIи щэнхабзэмрэ литературэмрэ зэфIэувэным хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщIа тхакIуэм теухуа Iуэхугъуэхэр республикэм и еджапIэ нэхъыщхьэхэм, школхэм, библиотекэхэмрэ щIэныгъэ институтхэмрэ щокIуэкI.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

ДУНЕЙМ ЩЫХЪЫБАРХЭР

Иджыри щIэх зэтеувэнукъым

Урысейм Жылагъуэ телевиденэ иIэнущ, ауэ ар щIэх кьызэIуахьыфынукъым.

Зи гугъу тщIы телеканалыр ягъэхьэзыру лажьэу яутIыпщынымэ псори зэхэту сом мелардэ з мелуан 500-рэ хуэдиз текIуэдэнущ. Аращ кьахуэмыгъуэтри.

Фигу кьэдгъэкIыжынщи, властхэм зэрыжаIэмкIэ, Жылагъуэ телевиденэм рекламэ кьыригъэлъэтъуэнукъым. Абы и гульытэр нэхьыбэу зыхуэхэпIауэ щытынур политикэ Iэхуэхэрщ.

Фадэ гуащIэм къегъэзэж

Чехием хуит щащIыжащ фадэ гуащIэ лIэужьыгъуэхэр щащынц.

Мазэ зыбжанэ и пэкIэ аэр тыкуэнхэм щIрагъэхат, жылагъуэм кьызэригъэувам кьыхэкIыу. Тегъэщ1аIпIэ ящ1ар апхуэдэ фадэ лIэужьыгъуэхэм цIыху куэд зэригъэлIарщ. Нэгъабэ абыхэм цIыху 25-м я гъащIэр ихьауэ кьалыытащ. Псори зи ягъэр апхуэдэ фадэхэкIхэр яхуэфащэну пщ1ельэхэм еэзгъыу зэрамыгъэхьэзырырт. Иджы а ныкъусаныгъэр ягъэкIуэдыжауэ жаIэ.

Одессэ и кум

Тенджыз фIыщIэм Iут мы кьалэм и кум кьыщагъуэтащ... кенгуру.

Ар контрабандэ Iэмалкlэ мыбы кьашауэ кьалытэ. Щхьэусыгъуэ гуэрхэм кьыхэкIыу ар «зейхэм» яIэщIэкIагъэнущ. Мы зэманым кенгурур зоопарким щыIэщ.

НОБЭ

Дунейм щIыхъыбархэр

Атом промышленностым и лэжьакIуэм и ма-хуэщ. УФ-м и Президентым 2005 гъэм мэжьауэгъуэм и 3-м кьыдигъэкIа Указым ипкъ иткIэ ягъэуващ. Илъэс 70 и пэкIэ (1942 гъэм фокIадэм и 28-м) СССР-м ЗыхьумэжьныгъэмкIэ и кьэрал комитетым унафэ кьищтащ «Ураным егъэщIылIа лэжьыгъэхэр кьызэгъэпэщыным теухуауэ». Ар лъабжьэ хуэхъуащ СССР-м атом промышленностым зыщегъэжьыным.

ХьэщхьэрыIуэ узым пэщIэтыным хуэгъэзауэ ирагъэкIуэкI бэнэныгъэм и дунейпсо махуэщ

Украинэм щекIуэкIынущ фашистхэм яубыдауэ щыта Краснодон кьалэм (мы зэманым Луган областым хохьэ) «ЩIэблэщIэ гвардие» щэхурылажьэ комсомол щIалэгъуалэ зэгухьэныгъэр кьызэрыщызэрагъэпэщрэ илъэс 20 зэрырикъум.

Илъэси 130-рэ и пэкIэ кьалъхуащ урыс дзэзешэ, Зэщ1эхьеенныгъэ хужьым хэта генерал Кутепов А. П. 1920 гъэм генерал Врангель и дзэм и 1-нэ корпусым и унафэщIу щытауэ Тыркум Iэпхьыат. 1923 гъэм кьыщыщIэдзауэ ар щыпсэуащ Париж. 1930 гъэм щIышылэм и 26-м ОГПУ-м и лэжьакIуэхэм ар а кьэралым кьрадыгъукIыжри яукIащ.

Илъэси 115-рэ и пэкIэ кьалъхуащ кьэзахъ литературэм и классик, лъэпкым и тхыбзэр зэфIэзыгъэувахэр ЯщышАуэзов Мухьтар (1897 - 1961).

1680 гъэм кьалъхуащ Урысейм и канцлерышхуэ пщы Черкасский Алексей *(адыгэхэм къатехьуидащ).*

1951 гъэм кьалъхуащ КъБР-мрэ КъШР-мрэ щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ, Дагьыстэнымрэ Ингушымрэ гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ, ЩIДАА-м и академик, Кавказ Ящхьэрэм и Артийсхэ комитетым и унафэщI **Бейтыгуэн Iуес.**

Подготовил зыгъэзэжьыгар **ПАСЕ Мухьэмэд.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Япэ щIыкIэ зэгъащIи, итIанэ щIэ.

ЩIэблэрщ къэралым и плъапIэр

Урысей Федерацэм и Президентым кьыщтащ 2012 - 2017 гъэхэм сабийхэм я сэбэп зыхэлъхэм телъытэжьымкIэ лъэпкъ стратегиер. Ар зэхалъхьащ УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым ФедерацэмкIэ и Советым хэтхэм, Къэрал Думэм и депутатхэм, Абыхэм кьадалэжьащ жылагъуэ зэгухьанысыгъэхэр, экспертхэр, еджагъэшхэр. Лъэпкъ стратегиер зыхуэунэтIа Iуэху нэхъыщхьэхэм топсэльыкь КъБР-м и Парламентым и Унафэщ Чеченов Ануар.

САБИЙХЭМ я Iуэху дэгъэжьынымкIэ, абыхэм кьащхьэщыжьынымкIэ ди къэралым кьилэжьар мащIэкъым. Аущ дэ иджыри Iуэху куэд къытпэщытщ щIэблэр узынишэу, акьылыфIэу, зэманым екIуу къэгъэтэджынымкIэ, ар хабзэншагъэхэм ящыкIыжьмкIэ. Псом хуэмыдэу гупльэгъэ яхуэщIытхьащ ныкьуэдыкIыхэхэм, адэ-анэм я жьауэм щIэмытыжу кьэнахэм, апхуэдэу сабий куэд зиIэ унагъуэу хуэмыщIауэ псэуэхэм. Лъэпкъ стратегием мис а Iуэху псори кьыгъэщIебыдэ ныкIи анэр дэгъэжьынымкIэ иджырей Iэмалхэр еубзыхуу.

Нэхъ гупсэхуу сыкьытеувыIэнщ документым и купщIэ нэхъыщхьэм. Ар сабий зиIэ унагъуэу хуэмыщIауэ псэуэхэр нэхъ мащIэ щIыныщ, щIэблэр егъэджэнымрэ сабийхэм я узынщагъэр хьуэмынымрэ егъэфIакIуэныщ, зэрыщытру кьапщтхьэ - сабийхэм я хуитыныгъэхэмрэ абыхэм я сэбэп зыхэлъхэмрэ кьащхьэщыжьынырыщ. Мы стратегиер гъэзэщIа хьун папщIэ къэралым унагъуэхэм яхуэгъэзэщ иригъэкIуэкI политикэм и лъабжьэр щIэзыгъэбыдэну федеральнэ закон кьащтэну я мурадщ. Апхуэдэу властым иубзыхунущ сабий зиIэ унагъуэхэм нэхъ мащIэ дыдэу кьаIэрыкьон хуей хэхъуэхэмрэ социальнэ IуэхутхьэбзэхэмкIэ къэралыгъуэ щэсыпIэхэр. Сабий зиIэ унагъуэхэм кьаIэрыхьэ хэхъуэм налогкэр зэрыкагъэкI щыкIэри ирагъэфIакIуэнущ. Опекэмрэ попечительствэмкIэ органкэр кьагъэщIэрэщIэжьинущ. А псоми кьадэкIуэу, мыгувэу кьащтэнущ сабий кьэпшапхэр кьыщIэзыпгъэкI индустриемрэ 2020 гъэм нэсыкьу зэрызмужьынущ щыхьэр.

Къэралыр дэIепыкьуэгъу хьунущ зи школ кIуэгъуэ мыхъуа сабийхэр эзкIуалIэ Iуэхущапхьэхэр ухуэнымкIэ. А IэнатIэм уиэтIынигъэ куэдкIэ зиужьынущ - унагъуэ сабий садэхэр кьаIэрагъэтщынущ, сабийхэм я зэхэщIыкIым щыхэкъахъуэ центр зэмылIэужьыгъуэхэр кьызэIуахынущ. Класс нэхъыжьхэм щIэсхэм дялпэкIэ Iэмал яIэнущ езыхэм кьыхаха Iэщ1агъэм, щIэныгъэм еззгъуэу еджэнымкIэ. Сабий садэхэмрэ курыт еджапIэхэмрэ зэрыплажьэ щIыкIэр мардэ пыухыкIахэм трагъэувэнущ. Хэхъуэ гупльитэ хуащынущ эзчишхуэ зыбгъэдэль сабийхэр щрагъаджэ Iуэхущапхьэхэм. Сабийхэр езыхэр щыпIэхэм щыIэ кружокхэмрэ секцэхэмрэ пщIэнщэу зэрыкIуэн сертификатхэр хуэхахыу щIадзэнущ. Кружок зэмылIэужьыгъуэхэр езыгъэкIуэкI педагогхэм я улахуэмри хагъэхъуэнущ.

Къэралым и унафэщIхэм я мурадщ сабийхэм технологие лъагэхэр кьыщагъэсэбэп медицинэ дэлэпкьыхьуныгъэ щратIэ, бюджетым и мыльку кьалхьэ зэрыкьунур закон кIэщIэ щIагъэбыдэну. Дяпэкlэ нэрылагъуэ нэхъыбэ ящынущ сабийхэмрэ адэ-анэхэмрэ зэщIыгъуу здэкIуэ хьуну санаторэ-курорт Iуэхущапхьэхэм я бжьагъэр. Гульитэ хэха ягъуэтынущ сабий зенищэхэм. Мыбдеж нэхъыбэу зэлъэжьынур апхуэдэ сабийхэр зыхуей щыхуэзэну унагъуэхэм етыныгъ.

Дяпэкlэ нэхъри щIагъэхуэбжьэнщ сабий ныкъуэдыкIуэхэм я Iуэхур дэгъэжьынымкIэ хуэгъэзэ лэжьыгъэр. Апхуэдэ сабийхэр зэрыс унагъуэхэм сыт и лъэныкьуэкIи зыщIагъэкьуэнущ.

Зи гугъу тщIы стратегиер гъэзэщIа хьумэ, щыкIуэхэм я гъащIэр тэмэму зэтеуэгъэнущ, сабийхэм я хуитыныгъэхэм я лъэныкьуэкIэ щыIэ дунейпсо мардэхэм ящыкIи зыщIагъэкьуэнущ.

Мы стратегиер гъэзэщIа папщIэ, УФ-м и Президентым и деж Зэзыгъэлъу сответ кьыщызэрагъэпщащ. Абы и унафэщIыр Федерацэмкlэ Советым и спикер Матвиенкэ Валентинэ. Абы зэрыжиIэмкIэ, Лъэпкъ стратегиер адэкIи егъэфIакIуэн хуэт документщ икIи абы ящыкIыжьу дэтхэнэ щыналъэмкI кьыбгъэдэкI жэрдэмхэмрэ Iуэхухэмрэ кьалыытэнущ, сыту жыпIэмэ, стратегием кьигъэуВ кьалэн псори зыгъэзащIэну зыбгъэдыдэу езыр щыналъэхэрщ.

Стратегием кьыщыгъуэва Iуэхуэхэр икьукIэ зэрыиным кьыхэкIыу, властым и Iэнатlэ зэмылIэужьыгъуэхэм, щыпIэ унафэр зезыгъакIуэ органкэм, жылагъуэ Iуэхущапхьэхэм щыпIэ сабийхэм я хуитыныгъэхэр зэрагъэлъэгъуэнущ, щыпIэ унафэр зезыгъакIуэ органхэм, жылагъуэ Iуэхущапхьэхэм щыпIэ сабийхэм я хуитыныгъэхэр инсэщIыпIэкIэ езыгъэфIэкIуэн Iуэху пыухыкIахэр зэфIагъэкIыну. Республикэм хыхьэ район, кьалэ, кьуажэ псоми щыгъэбелджылыпхьэщ дэтхэнэ сабийри зыхуей хуэгъэзэнымкIэ Iэмалхэр.

Апхуэдэ кьалэн иным дэ дыщыпэпхьащIыгъ псори зэщIыгъуу Iуэхуэм дыбгъэдыхьэмщэ, щIыху щхьэхуэхэри, жылагъуэ Iуэхущапхьэхэри, гъэсакIуэхэмрэ егъэджакIуэхэмри, бизнесым хэтхэри, властым законхэр кьыдэзыгъэкI и органхэри, гъэзэщIакIуэ органхэри зыгу адрейм дэIепыкьуу лажьэмэщ. ЗэрыгурыгуасIуэщи, езым я Iуэху еплыкIэр утыку кьралъхьэн хуейщ адэ-анэхэмрэ сабийхэмри. Абыхэм кьыхалъхьэхэм гупльитэ хэхакIэ бгъэдыхьапхьэщ. Дэ республикэм ис псори кьыхуэдощэ жыщжрагъ яхэпльу сабийхэм я сэбэп зыхэлъхэм кьащхьэщыжьынымкIэ щIыналъэ стратегиер зэхэлъхьэным, гъэзэщIэным кьыхьэну. Дэ дыфщогугъ стратегием хиубзыдэу зэрэIэбгъэкI хьун жэрдэм гъэщIэгъуэнхэр, Iуэху пыухыкIахэр, проект нэгъэсащ кьеиргъэхьыну. Ди электроннэ адресыр: parlam_kbr@mail.ru.

**Дунейпсо Адыгэ Хасэм и гупыжкIэ илъэс и пэкIэ Адыгэ Республикэм гъэзэщIыгъуеуВа мы махуэшхэм нджы Къэбэрдей-Балъкъэрми щагъэлъэпIэнущ. ФокIадэм и 28-м щегъэжьауэ жэпуэгъуэм и 3-м нэс республикэм и еджапIэхэми Iуэхущапхьэхэми адыгэ фащэм и тхыдэмрэ и теплъэмрэ щыхъухэм кьеныгъэщIэж дерсхэмрэ зэIущIэхэмрэ щрагъэкIуэкIынущ, абы теухуа нэтынхэмрэ фильмхэмрэ щагъэпэгъэгъэнущ. Щэм хэмыльу, гукъыдэж зиIэм а махуэхэм фащэ щIтIэгъэну, и лъэпкъ фащэм пщIэ зэрыхунщIыр нгъэлъагъэуэну Iэмал иГъэтынущ.

«АДЫГЭ фащэм и махуэр» къэбэрдей щIалэгъуалэм я лъэIуфэ ди республикэм хуэдиз кьыщызыхьа, КъБР-м щIалэгъуалэм я Iуэхухэмкlэ и министр Хъыжьрокъуэ СультIан и пльапIэхэмкlэ кьыдалэгъэщащ: «Адыгэ фащэм и махуэр гъэпэпIэныжькIэ жэрдэмыр кьызыбгъэдэкIыр Дунейпсо Адыгэ Хасэмрэ щIалэгъуалэм я Iуэху зезыхуэ Iуэхущапхьэхэмрэщ. Илъэс блэкIам фокIадэм и 28-м ар Адыгеим дэгъуэ щIагъэпIащ, иджы дэри абыхэм закьыкIэрыдмыгъэхуу дахэуВэну ди мурадщ. Апхуэдэ дыдэу дыщогугъ хуэм-хуэмурэ мы махуэшхэр дуней псом щагъэпэпIэну хабзэ зэтеуэвэну. Адыгэ фащэр адыгэхэм я Iэдакьэщ1экI щхьэкIэ, ар лъэпкъ куэдым ягу дыдаущ щыгъуи, абы и тхыдэр щыхъуэхэм кьедгъэщIэжьынымк теухуа гъэльэгъуэныгъэхэр, пшыхьхэр, гуп зэхьхьэхэр, «сТIол хуэрхэр» екIуэкIынуц. Ди мурад нэхъыщхьэр ди лъэпкъым дунейм иритыфа щыгъын дахэр дгъэльэпIэныр, а фащэр ижь-ижьыж щыгъуэ зигу дыхьэ лъэпкъхэмрэ дэрэ ди зэхуэку ныбжькIэгъуГъэмэ зэхуэтэмакъкIыхьын хабзэмрэ зэщIедгъэувбгъуну аращ».

АдыгэлIым и щыфэлIыфэр

ДРИВГЪЭЛIЪЭЖЫТ зэчеркеска- щIэ дахэм щIэту блэкIа лIэщIыгъуэ зытхухьым дуней псом щIэрыIуэ щIыхьуа щыгъынымрэ и тхыдэм.

Цейм теухуа хьыбархэр Грозный Иван и пщIантIэм хэгъэрей щIыхьуа адыгэхэм я деж кьыщIожьэ. Тхыдэджхэм зэрыжиIэжьмкIэ, урыс пащтыхьым и деж кьулыкьу щызыщIэ адыгэхэм цейр ящыгъыну хуит ящIырт. Абы и щхьэхусыгъуэри кьыхагъэщ: «Адыгэр и пльакьуэм щщIэдзауэ и щхьэм нэс Iэщ1экI з1эддами, ар апхуэдизкIэ екIуу и фащэм хэгъэзэгъащ, ди Iэщ1эр адрейм эзран хуэхъуркъым икIи аэр зэжьэхэзэрыкъым. Абы мыхьэнэшхуэ иIэщ жэщтеуэ щащIхэм деж. Сэщхэр сальэм итыдэ - Iэуэльауэ лъэпкъ ищIыркъым, и фочыр фочыльэм итыдэ - щIуркъым, лъахъстэным щхьэхущIыкIа и лъеIр, кьаплъэным и фIатъэ кIи нэгъэущI жып щIедэ.

Цейр

ЦЕЙР, кьапщтэмэ, Iэпкьлъапкьым хуэфIу да теубгъуэнщ (*Щыгъынибгъу нэхьрэ - теубгъуэн*). Ар бгым деж Iуэ дыдэ щохьу, и гупэри и щыбри псоуэ кьыхах. И кIыхьагъыр лъэгуажьэм кьыщегъьэжьауэ санитметрищI-тIощIт зэрыхьур, ауэ ди лъэпкъыр мусльымэн диным ихьа нэужь, нэхъ кIыхь ящI хьуащ. И гупэм дежи ар щIыбунщ-тхуикIа бопхэ, жып щIэткьым, и Iэщ1хьэхэр захуэщ, и кIыхьагъыр Iэ бэлагъым фIыуэ фIокI. И тыншагъым и щIакьуэу, абы щIыхуэну Iэпкьлъапкьым фэ кьыгъригъаэрт, ар уэмыкIымэ, дахагъэм и мардэхэр пIэщIэкIагъэ ябжу. Кьэдкlэ цейм и фIыгъэщ дунеяплъэ гуэрым: «Адыгэлым елъыгъуэ, дунейм цIыхухъуу тетыр пIащIыгъуэйуэ кьыпфIощI», - щIыжиIар.

Щалэ цIыкIум цейр япэ дыдэу хуадырт нпъэспищIпщыкIутI щIыхьуам деж. Кьэбэрдейхэр кьызыхэла и пэныкьуэкIэ лакъуэ пщыкIуэу зэхадэми, дэтхэнэ зыми и цей дыкIэр адрейм кьыщхьэщыкIыртэкъым, ауэ кьызыхэщIыкIа щркIым кьулейр нэхъ хуэмыщIам кьыхинхэщырт. Лонгворт Джон етхьаж: «УмыгъэщIэгъуэн пльъэкIыркъым нэхъыфI-нэхъ IейкIэ зэхамыдзу, псоми а зы щыгъын лIэужьыгъуэ зэращIыгър. Абы адыгэ псоми зы унагъуэ кьыхэкIуэу ф кьатрегъауэ».

Псом нэхърэ нэхъ лъэщыр цейр «пхуэфIыпсу» пщыIынрат. Пэхъ Iэзэу ябжь дэрбзэр бзыльхугъэхэм зэфIэда зыIумыплъа цIыхухъэм нрамыгъапщэу цей хуадыфырт.

Хьэзырхэрэ хьэзырыгъэхэмрэ

ХЬЭЗЫРЫЛЪЭХЭР цейм хэмытынкIэ Iэмал зимыIэ Iыхьэщ. Ар цIыкIу-цIыкIуу зэпыщхьэхкIа жып гупщ, пхъэм е кьупщхьэм кьыхэгъаIуэ дыкIыкIауэ гынынлъэ зырыз нIэжу. Iынныр кьежьа нэужьщ ар цейм кIэрадэн щыщIадзар. Хьэзырхэр, нэхъ убгъуауэ жыпIэмэ, «шэ хьэзырхэр», зэман лей имыгъэкIуэду щууейм и фочыр иуздыну Iэмал иэн щхьэкIэ щIауэ аращ. Хьэзырхэм я бжьыгъэм теухуауэ кьэса хъыбархэм жаIэр зэщхьэщокI, нэхъыбэр 8-мрэ 10-мрэ я зэхуакум (зы пныкьуэкIэ) кьыщобжэ. Ауэ адыгэхэм зэпэмыбжьыр нэхъ зэрафIэкъабылым кьыхэкIыу, блым е бгъум нэхъ трагъащIэ. Абы кьыкIыр - лъэныкъуитIри зэхэту пщыкIуплI е пщыкIынрэ мэхъу.

Бгырыпхыр

ЦЕЙМ кьыпхугъуэмыхьын Iыхьэу хэтщ абы щIэпха бгырыпхыр. Бгырыпхым сэщхэр, кIэрадэхэр, кьамэр, зэманым елъытауэ щыIэ нэгъуэщI Iэщ1эхри кIэрагъэзагъэ. КьищынэмыщIауэ, фочым узэрелIэзэн Iэмэпсымэхэр: ар зэрызэфIэпIуэнтIыкIыну гъущIымрэ щыпхуэну дагъэмрэ. «Адыгэр шхэми жейми и Iэщ1эр кIэрыщIащ, - етх Хьан-Джэрий, - аращ, ар зэкъуэхуауэ кьыпIэрыпхэнукъым. Къамэ ямыIуГъуу къэзыкIухьыр щIалэ цIыкIу дыдэхэмрэ лIыжьхэмрэщ». Хьан-Джэрий зэрыжиIэмкIэ, дэтхэнэ адыгэмэ кьыздрихьэкIырт бийр зэрипхыну кIапсэ, шэху уэздыгъэ, дыд, бгырыпх дей, жьакIуэпс, дяэбын. Сытми, дакьикIэ кьэс лIэным хуэхьэзырт. Гу зэрыльитэгъуэфIэщи, нобэрей адыгэлIыр дыщэ сыхьэт хэмрэ дыщэ Iэпльынымрэ игъэдахэмэ, пасэрейхэр зыгъэдахэр имыгъэзгъуэ кьрамых «къамэ Iэпщэхуэрат».

Адыгэ цейр къэзакъэм я «тъэпкъ фащэ» зэрыхъуар

КАВКАЗ Ищхьэрэм ис бгырысу хьуами къэзакъэмри Къэбэрдейм я Iэщ1фащэри, шы тесыкIэри, хабзэри зыхалъхьащ, - етх урысей этнограф Бейденбаум Евгениий, - абыхэм, замыгъэпсэхуу, къэбэрдей модэ щхьэзыфIэфIым темыплъэжьыкIыу зыдратынкIу, зэманым кьыкIэрымыхуэн щхьэкIэ».

XIX лIэщIыгъуэм и 40 гъэхэм адыгэ цейр Кавказым кьуплькIу Iуэхукlэ щыIэ кьэзакъэм я фащэу кьыштащ. Абы фащэм и пщIэр нэхъри иIэтащ. Кавказым щекIуэкI зауэхэм заукьуэдиниу, цейкIи кIуэ пэтми ищхьэрэкIэ, Урысейм и кумкIэ, кIуэтэн щIидзащ.

Ауэрэ адыгэ цейр Европэми нэсащ, революцIэ нэжьким Урысейм иIэпхъукIа урыс офицерхэм я фIыгъэкIэ. Мыбдежым унгу кьэбгъэкIыжьыну хуэфащэщ Париж щыпсэуэ, «Адыгэ цей сицынэу сыщIэфIэльхьэж», - жиIэу Iуэсри кьэзыгъэна Хьэтъундокъуэ Константин.

Нобэ адыгэ цейр зыщыIэм ящыкIуу дуней псом кьыщащIэр Йорданиемрэ пащтыкьыр зыхъуэмэхэрщ. Ар кьалэжьащ кьэралыр зэфIэувэным щыщхьэмыгъазэу хэта адыгэ мухьэжьрэхэм. Лъагэу адыгэ цейм и пщIэр яIэтащ лъэпкъым кьыхэкIа адыгэ усакIуэхэрщ. Абыхэм ящыщ ди тхыгъэр зэрыдыхьну тфIэигъуэ Мэщбащ1э Исхьэкъ «Адыгэ цей» («Черкеска») зыфIища и усэ цIэрыIуэр:

Уэркlэ щIалэфIым и щхьэр лъагэщ,
Къуршышхьэ уэсурэ цей хужь,
И шы къаращIэр нутIыпщмэ,
Шыгъажэм япэу ар къосыж.

Адыгэ пшынэм зиукъуэдийм,
Щауэм щыщ щохьури, укъыоудж.
Жьым къринхьэкIым хуэдэу мафIэр,
Iэпкьлъапкьэ щэшIэремыльджщ.

Уи бзыпхъэр пщащэм Iэкlуэлъакlуэу
Iэхущ дыгъэпсым кьыхихащ,
Биншэр кьыпIъэмыIэсыну,
Хьэзырхэр псысэкIэ гъэпсащ.

Дахагъэу щыIэр бдалъагъуну,
Къуршым дэкI лъагъуэхэр уи дыпIэщ.
Адыгэ шум уемыщIыжьыну,
Пэжыр уи гъуэгу зэхэгъэкIыпIэщ.

IэщIыгъуэхэр зэкlэлъыбгъакIуэу,
Уэ фIымрэ Iеймрэ бгъэунэхуащ.
Гныпмэр жьым кьыбдрихьэкIыу,
Iъы защIи кьэдрэ ухъуащ.

Щэм къымыгъаззу уэ пихьылъэтырт,
Гъуанэдэу Iэщи кьыпитехуащ.
Зигу фIыцIэм уэркlэ зыщIихьымэу,
Тхыдэ гъунэгъум къыщыхъуащ.

Уэ си лъэпкъыщхуэм ухуэфIыбзэщ,
Щыщхьэмыгъазэр уогъэпэжж.
Бащтыкъыр дамэм хуэдэу пIэту,
Бийм и гурыгъыр ибогъэж.

Ауэ щIалэфIым и щхьэр гъагъ,
Къуршыщхьэ уэсурэ цей хужьkIэ?
И шы къаращIэм зиукъуэдийуэ,
Шыгъажэм япэу къыщысижьkIэ?

Уэ лIыгъэм щауэр хубгъасэ,
Бгъэм хуэдэу уардэу
щыбгъэм фисщ.
Уи бзыпхъэр сэркlэ къыхэхами,
Зэры-Кавказу ухуэфIыпсщ.

ЖЭМЫХЪУЭ Марьянэ.

Адыгэ фащэм и махуэ

● Нобэ

Жэпуэгъуэм и нэмэз щIыгъуэхэр

● Фи лъэIукIэ

Махуэхэр	Пщыдджыжьыр	Дыгъэр къыщыщIэкIыр	Шэджагъуэр	Ичындыр	Ахъшэмыр	Жасыр
1, блыщхьэ	5.32	7.02	13.06	16.23	18.48	20.28
2, гъубж	5.33	7.03	13.05	16.21	18.46	20.26
3, бэрэжьей	5.35	7.05	13.05	16.20	18.44	20.24
4, махуэку	5.36	7.06	13.05	16.19	18.42	20.22
5, мэрем	5.37	7.07	13.05	16.18	18.40	20.20
6, щэбэт	5.38	7.08	13.04	16.16	18.39	20.19
7, тхьэмахуэ	5.39	7.09	13.04	16.15	18.37	20.17
8, блыщхьэ	5.40	7.10	13.04	16.14	18.35	20.15
9, гъубж	5.42	7.12	13.03	16.12	18.33	20.13
10, бэрэжьей	5.43	7.13	13.03	16.11	18.32	20.12
11, махуэку	5.44	7.14	13.03	16.10	18.30	20.10
12, мэрем	5.45	7.15	13.03	16.08	18.28	20.08
13, щэбэт	5.46	7.16	13.02	16.07	18.26	20.06
14, тхьэмахуэ	5.48	7.18	13.02	16.06	18.25	20.05
15, блыщхьэ	5.49	7.19	13.02	16.04	18.23	20.03
16, гъубж	5.50	7.20	13.02	16.03	18.21	20.01
17, бэрэжьей	5.51	7.21	13.01	16.02	18.20	20.00
18, махуэку	5.53	7.23	13.01	16.01	18.18	19.58
19, мэрем	5.54	7.24	13.01	15.59	18.17	19.57
20, щэбэт	5.55	7.25	13.01	15.58	18.15	19.55
21, тхьэмахуэ	5.56	7.26	13.01	15.57	18.13	19.53
22, блыщхьэ	5.58	7.28	13.01	15.56	18.12	19.52
23, гъубж	5.59	7.29	13.01	15.54	18.10	19.50
24, бэрэжьей	6.00	7.30	13.00	15.53	18.09	19.49
25, махуэку	6.01	7.31	13.00	15.52	18.07	19.47
26, мэрем	6.03	7.33	13.00	15.51	18.06	19.46
27, щэбэт	6.04	7.34	13.00	15.50	18.04	19.44
28, тхьэмахуэ	6.05	7.35	13.00	15.48	18.03	19.43
29, блыщхьэ	6.06	7.36	13.00	15.47	18.01	19.41
30, гъубж	6.08	7.38	13.00	15.46	18.00	19.40
31, бэрэжьей	6.09	7.39	13.00	15.45	17.59	19.39

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Муслымэнхэм я Iуэхущапхьэм къыдитащ.

● Футбол

Дызыхуэкlуэ мазэм екlуэкlыну зэIущIэхэр

Япэ дивизион
Епщыкlупlланэ джэгуГъуэ

Жэпуэгъуэм и 1 *(блыщхьэ)*

«Металлург-Кузбасс» (Новокузнецк) - «Химки» (Мэскву область)
«СКА-Энергия» (Хабаровск) - «Сибирь» (Новосибирск)
«Торпедо» (Мэскву) - «Ротор» (Волгоград)
«Петротрест» (Санкт-Петербург) - «Нефтехимик» (Нижнекамск)

Жэпуэгъуэм и 2 *(гъубж)*

«Урал» (Свердлов область) - «Уфа» (Уфа)
«Енисей» (Красноярск) - «Балтика» (Калининград)
«Спартак-Налшык» (Налшык) - «Томь» (Томск)
«Волгарь» (Астрахань) - «Салют» (Белгород)

Епщыкlутхуанэ джэгуГъуэ
Жэпуэгъуэм и 8 - 9 *(блыщхьэ - гъубж)*

«Салют» - «Петротрест»
«Ротор» - «Волгарь»
«Томь» - «Торпедо»
«Сибирь» - «Спартак-Налшык»
«Химки» - «СКА-Энергия»
«Балтика» - «Металлург-Кузбасс»
«Уфа» - «Енисей»
«Нефтехимик» - «Шинник» (Ярославль)

Епщыкlуханэ джэгуГъуэ
Жэпуэгъуэм и 15 - 16
(блыщхьэ - гъубж)

«Урал» - «Нефтехимик»
«Металлург-Кузбасс» - «Уфа»
«СКА-Энергия» - «Балтика»
«Спартак-Налшык» - «Химки»
«Торпедо» - «Сибирь»
«Волгарь» - «Томь»
«Салют» - «Ротор»
«Петротрест» - «Шинник»

Епщыкlубланэ джэгуГъуэ
Жэпуэгъуэм и 22 *(блыщхьэ)*

«Ротор» - «Петротрест»
«Томь» - «Салют»
«Сибирь» - «Волгарь»
«Химки» - «Торпедо»
«Балтика» - «Спартак-Налшык»
«Уфа» - «СКА-Энергия»
«Нефтехимик» - «Енисей»
«Шинник» - «Урал»

ЕтIуанэ кьекIуэкIыгъуэ
Епщыкlунэнэ джэгуГъуэ
Жэпуэгъуэм и 25 *(мэрем)*

«Торпедо» - «Уфа»
«Волгарь» - «Балтика»
«Салют» - «Химки»
«Ротор» - «Сибирь»
«Томь» - «Петротрест»
«Енисей» - «Урал»
«Металлург-Кузбасс» - «Шинник»
«СКА-Энергия» - «Нефтехимик»

Епщыкlубгъуанэ джэгуГъуэ
Жэпуэгъуэм и 30 *(гъубж)*

«Урал» - «Металлург-Кузбасс»
«Сибирь» - «Томь»
«Химки» - «Ротор»
«Балтика» - «Салют»
«Уфа» - «Волгарь»
«Нефтехимик» - «Спартак-Налшык»
«Шинник» - «СКА-Энергия»
«Петротрест» - «Енисей»

● Картинг

Зэпеуэм щыетIуанэщ

Усть-Лабинск щекIуэкIащ картингымкIэ КИФШI-м и чемпионат. Къэбэрдей-Балъкъэрым и щыхьэр абы щыхъумащ картингымкIэ «Эльбрус» спорт-техникэ клубым. Нарткъалэ и командэ кьыхэкам екъуIэныгъэхэр зыIэригъэхьащ.

«КАДЕТ» гупым я зэхьэзэхуэм Кустарников Олегрэ Алборэ Кьапльэнрэ етIуанэ, ещанэ увыпIэхэр кьыщахьащ. «Национальный юниор» гупым я зэпеуэм щытекIуащ Большаков Денис, Резников Артур ещанэ хьуащ. «Национальнымрэ» гупым хэтыбдыдахэм Уэлджыр Мурат пэхъун кьаехIакъым. «Дунейпсо KZ-2» гупым Сунц Iэдиб еплIанэ увыпIэр щиубыщащ.

Зэхьэзэхуэ гуащIэм спортсмен нэхъыщIэ дыдэу хэтар Кьаноковуэ Альберт. Абы еплIанэ увыпIэр кьыIэрыщащ.

Команд зэпеуэм етIуанэ увыпIэр кьыщихьащ Нарткъалэ и «Эльбрус»-м. Краснодар крайм и гупыр апэщ.

● Кикбоксинг

Дыжьынрэ жэзрэ

Иджыблагъэ Братиславэ щекIуэкIащ кикбоксингымкIэ К-1 лIэужьыгъуэм дуней псом пашэныгъэ кьыщыхьымкIэ ныбжьыщIэхэм я зэпеуэ. Абы хэтащ къэрал 39-м я лIыкIуэхэр. Къэбэрдей-Балъкъэрым и спортсменит.

КИЛОГРАММ 71-м нэблагъэ зи хьэльагъхэм я зэпеуэм Алборэ Амир дыжьынымедаль кьыщихьащ. Абы и къэкIуэгъуэ Уэлджыр Европэ зэхьэзэхуэм текIуэныгъэ кьыщызыхуа Урысейм и спортсмен Тончин Илья бжьынрэ иубыдащ.

Кьаноковуэ Бэлэ ещанэ увыпIэр щызыIэригъэхьащ килограмм 60 хьухэм я зэхьэзэхуэм. Жэз медальым щыIэ Кьаноковуэм кьыхуагъэфэщащ «ТекIуэныгъэм зэрыхуэпабгъэм папщIэ» сауГъэтыр.

Ди спортсменхэм иджы зыхуагъэхьэзыр жэпуэгъуэм Анапэ щекIуэкIыну Дунейпсо Кубок хэхьэзэхуэм. Тренерыр Саралидзе Андриащ.

Спортсменхэр зэхьэзэхуэм кIуэнымкIэ щIэгъэкъуэн хуащ «Синдика» фирмэм и унафэщI Кьаноковуэ Леонид, хьэрычэтыщIэхэр Кьардэн Артуррэ Дзыхьмыщ Зауррэ.

ГУГЪУЭТ Заремэ.